



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN PWEN YO NAN BIDJÈ EGZEKITIF POU ANE  
FISKAL 2024 LA**

*Plan 1 milya pral regle pwoblèm swen sante mantal kontinyèl Eta New York la*

*Gouvènè a respekte angajman li pou li pa ogmante taks sou revni pou Bidjè Ane  
Fiskal 2024 la*

*New York Housing Compact pral bati 800,000 nouvo kay, pou abòde mank lojman  
nan tout eta a*

*Envestisman 337 milyon dola vize redui ak anpeche volans ak zam*

*Adrese 'falèz fiskal' MTA pandan l ap envesti nan transpò piblik nan tout eta a*

*Envesti 5.5 milya dola pou ankouraje abòdabilite enèji, diminye emisyon, ak  
netwaye lè ak dlo nou an, bati sou plis 30 milya dola ki angaje nan aksyon  
klimatik*

*7.6 milya dola, envestisman nan gadri pou timoun ki gen katran kontinye, elijiblite  
ogmante pou enkli 113,000 timoun adisyonèl*

*Envestisman 1 milya dola nan swen sante pou pwojè kapital nan lopital yo ak lòt  
etablisman yo*

*Envestisman 1.3 milya dola nan devlopman ekonomik pral kreye travay alavni  
nan tou Empire State la*

*Envestisman 1 milya dola pral bay moun k ap chèche azil yo swen sante, abri, ak  
lòt sèvis enpòtan yo*

*Faz konplè nan Èd Fondasyon an, yon angajman 24 milya dola nan edikasyon ki  
gen ladan 125 milyon dola pou Prematènèl, ak 250 milyon dola pou leson patikilye  
nan ka pèt aprantisaj*

*Lyen liv bidejtè a [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a dekri Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2024 li a. Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2024 la reflete ajanda solid Gouvènè Hochul la pou fè New York vin pi abòdab, pi vivab, ak pi an sekirite lè li fè envestisman entèlijan, responsab nan swen sante mantal, sekirite publik, lojman, edikasyon, inisyativ klimatik ak plis ankò.

"Mwen pran angajman pou m fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou fè Empire State vin yon kote ki pi abòdab, ki pi vivab, ki pi an sekirite pou tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou pral fè envèstisman solid, transfòmatif ki leve Nouyòkè yo pandan y ap kenbe yon baz fiskal solid nan moman ensèten yo."

"Bidjè Egzekitif Gouvènè Hochul a konsidere bezwen chak Nouyòkè, li bay alafwa finansman an ak yon plan pou mete an plas solisyon dirab, ki gen bon sans", **Direktè Bidjè Enterimè a, Sandra L. Beattie, te deklare**, "Soti nan envestisman solid nan lojman abòdab, sèvis sante mantal inovan, ak estrateji efikas pou prevansyon krim, Bidjè Egzekitif sa a se youn ki pral rive jwenn Nouyòkè yo nan tan jodi a ansanm ak jenerasyon k ap vini yo, sa k ap fè New York yon eta ki pi solid ak pi an sekirite pou ane k ap vini yo."

### **Yon Bidjè ki Balanse**

Pwopozisyon Bidjè pou ane fiskal 2024 Gouvènè Hochul la reflete finans estab New York, menmsi tandans ekonomik mondal yo voye siyal ki melanje. Tout depans fon yo se **227 milya dola** k ap bay yon kwasans 2.4 pousan. Depo nan rezèv ki te planife pou Ane Fiskal 2024 ak Ane Fiskal 2025 yo pral fini nan fen ane aktyèl la — de ane anvan dat ki te pwograme a - pou yon total 24 milya dola ki garanti pou move jou yo.

### **Regle Pwoblèm Swen Sante Mantal Kontinyèl la**

Pandan twò lontan, sistèm swen sante mantal New York la te soufri anba dezenvestisman, epi pandemi an te sèlman fè bagay yo vin pi difisil pou Nouyòkè ki gen maladi mantal grav yo. Pou adrese bezwen sante mantal Nouyòkè ki pa satisfè yo, Gouvènè Hochul pral fè **yon envestisman alontèm 1 milya dola** pou transfòme swen sante mantal kontinyèl New York la Plan konplè sa a, pou plizyè ane a, gen ladann alokasyon:

- **915 milyon dola** nan kapital pou devlope nouvo inite rezidansyèl, plis **127 milyon dola** nan depans fonksyònman anyèl yo.
- **18 milyon dola** nan kapital ak **30 milyon dola** chak ane pou ogmante kapasite operasyonèl pou tretman sikiyatrik pou pasyan ki entène yo.
- **60 milyon dola** nan kapital ak **122 milyon dola** chak ane pou elaji sèvis pou pasyan ekstèn yo.
- **27.5 milyon dola** chak ane pou amelyore koneksyon apre egzeyat ak sèvis yo atravè kreyasyon 50 nouvo ekip kowòdinasyon swen pou Entèvansyon nan Moman Enpòtan yo.
- **30 milyon dola** chak ane pou elaji sèvis sante mantal nan lekòl yo.

### **Abòde Kriz Lojman an**

New York Housing Compact se yon pwopozisyon konplè, ki gen plizyè aspè pou abòde yon mank lojman istorik nan Eta New York epi **konstwi 800,000 nouveau kay** pandan pwochen deseni an. Anplis de fikse objektif lojman lokal yo nan chak minisipalite New York, met aksan sou devlopman ki oryante nan direksyon transpò piblik, retire baryè pou kreyasyon lojman, ak ankouraje nouveau konstriksyon, plan Gouvènè Hochul gen ladan:

- **250 milyon** pou amelyorasyon enfastriki ak amelyorasyon pou sipòte kwasans ak devlopman lojman lokal yo.
- **20 milyon dola** pou planifikasyon ak asistans teknik pou sipòte efò lokal yo ak lòt solisyon pou ankouraje kwasans.
- **15 milyon dola** yon nouveau efò koleksyon done nan tout eta a.
- **4 milyon dola** pou kreye yon nouveau Biwo Planifikasyon Lojman nan Biwo Renouvelman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) a pou sipòte lokalite yo nan atenn objektif lojman yo epi kowòdone efò planifikasyon yo atravè eta a.
- **39.8 milyon dola** pou diminye risk ekspoze plon nan pwopriyete lokasyon yo andeyò Vil New York, ki gen ladan 20 milyon dola nan asistans bay pwopriyetè pwopriyete yo pou asenisman bilding yo.
- **50 milyon dola** pou kreyasyon yon Fon Estabilizasyon pou Pwopriyetè Kay nan tout eta a pou bay reparasyon kay enpòtan nan 10 kominote kle ak yon gwo konsantrasyon sou pwopriyetè kay ki gen revni fèb yo.

Pou debloke plizyè milye inite lojman ki an konstriksyon kounye a, Bidjè Egzekitif la pwolonje dat limit konstriksyon 421-A jiska 2030. Bidjè a elaji Inite Pwoteksyon Lokatè HCR la tou kòm yon pati nan yon envestisman plizyè ane pou bay sipò sible pou lokatè yo nan nò Eta New York.

#### **Diminye vyolans ak zam, Konbat Fentanil ak Pwoteje Sekirite Biblik**

Gouvènè Hochul pral fè gwo envestisman nan sekirite piblik ki vize diminye krim vyolan ak amelyore kalite lavi. Finansman pral elaji pwogram ak sèvis pou diminye plis vyolans ak zam, diminye residivis, lite kont sikilasyon fentanil ki ka touye moun, ak amelyore efikasite nan sistèm tribinal la, ke pandemi an te deranje.

- **337 milyon dola** pou pwogram ki fêt pou anpeche ak diminye vyolans ak zam, ki gen ladan men pa sa sèlman:
  - 84.1 milyon dola** pou pwogram travay pou jèn yo, ladan gen **37 milyon dola** ki pou pwogram ki nan jiridiksyon Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) yo.
  - 70 milyon dola** pou kominote yo reponn ak konsekans vyolans ak zam, ladan yo gen 50 milyon dola se pou bezwen kapital kominote a.
  - 36.4 milyon dola** pou inisyativ GIVE la.
  - 31.1 milyon dola** pou rediksyon krim, jistis pou jèn, ak pwogram prevansyon gang.
  - **25,9 milyon dola** pou Inite Estabilizasyon Kominotè (Community Stabilization Units, CSUs) Lapolis Eta a.
  - **25 milyon dola** pou pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la.

- **18 milyon dola** pou Sant Analiz kont Krim, ki gen ladan **2 milyon dola** pou analis krim yo pou konbat sikilasyon fentanil nan kominate yo.

Pwopozisyon Bidjè Egzekitif la gen ladan tou:

- **52 milyon dola** nan èd pou finansman pou pouswit jidisyè pou tout 62 biwo pwokirè distri yo.
- **40 milyon dola** pou finansman pou sipòte aplikasyon refòm dekouvèt.
- **31.4 milyon dola** pou altènativ pou pwogram prizon yo.
- **20 milyon dola** pou sèvis anvan pwosè.
- **10 milyon dola** pou sipòte alokasyon pou ponpye volontè ki konplete fòmasyon debaz, pou bay yon ankourajman rekritman ak retansyon pou moun k ap sèvi kominate pa yo.
- **7 milyon dola** pou yon nouvo Sibvansyon Inovasyon Anti-Fentanil.

### **Ogmante Aksè, Abòdabilite, ak Sekirite nan Transpò Piblik**

Pandan ane ki sot pase a, Gouvènè Hochul te avanse finisman pwojè Twazyèm Vwa Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) la, yo te fè trajè inogiral la nan Grand Central Madison, yo te inogire pwojè Aksè ak Estasyon Penn Metro-North la, epi pouse lòt gwo pwojè pou pi devan, tankou Otowout Second Avenue an ak Interborough Express la.

Gouvènè Hochul te travay san pran souf ak patnè yo nan MTA, Vil New York, ak Eta a pou ranfòse estabilite fiskal alontèm MTA, pandan I ap asire pwogrè kontinyèl nan sekirite pasaje yo. Pwopozisyon Bidjè Egzekitif la mande pou:

- Aplike plis pase **400 milyon dola** nan efikasite operasyon MTA pou diminye depans yo ak amelyore sèvis bay kliyan yo.
- Ogmante pi gwo to Taks sou Mobilite Salaryal (Payroll Mobility Tax, PMT), k ap jenere **800 milyon dola** anplis chak ane.
- Ogmante pòsyon finansman Vil New York pou sèvis transpò para-transpò, bay etidyan yo MetroCards nan tarif ki redui, epi konpanse revni PMT yo pèdi pou antite ki egzonere ki p ap peye taks, sa k ap jenere prèske **500 milyon dola** chak ane.
- **300 milyon dola** nan èd eta ap bay yon sèl fwa pou adrese enpak ekstrawòdinè sou revni operasyon MTA yo.
- **150 milyon dola** angajman anyèl MTA a pou pèsonèl sekirite adisyonèl.
- Dedye yon pòsyon **1.5 milya dola** nan frè lisans yo si yo bay twa lisans kazino, ak yon pòsyon ki estime a **462 rive 826 milyon dola** nan revni taks anyèl ki soti nan kazino yo pou operasyon MTA yo.

Gouvènè Hochul pral bati sou envestisman rekò li nan transpò piblik lè li fè yon nouvo kontribisyon istorik pou elaji aksè ak abòdabilite transpò piblik pandan y ap amelyore sekirite piblik nan tren, otobis, ak metwo yo, atravè eta a.

- **9.1 milya dola** nan sipò pou fonksyònman pou transpò piblik, ki gen ladan **809 milyon dola** nan sipò fonksyònman pou otorite ki pa MTA yo.

- Prèske **7 milya dola** pou dezyèm ane rekò **32.8 milya dola**, sou senk kan Plan Kapital DOT pou amelyore otowout, pon, tren, enfrastrikti avyasyon, transpò ki pa MTA, ak enstalasyon DOT ki gen ladan **1.2 milya dola** pou wout ak pon lokal yo.
- **1.3 milya dola** pou yon Estasyon Penn Station ki mete vwayaje yo an premye, sant transpò ki pi okipe nan Emisfè Lwès la.
- **20 milyon dola** pou elektrifikasyon otobis pou otorite ki pa MTA yo, **ak 20 milyon dola** pou reyabilite ray limyè NFTA a.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul pral pran mezi pou konbat evazyon peyaj ak kamera siveyans vitès yo. Yon nouvo lwa pral otorize fòs lòd yo ak Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) pou enpoze plis penalite sou chofè ki fè espre ki chanje plak machin yo pou fè yo pa lizib nan foto yo, ki gen ladan amann ogmante ak refi anrejistreman. Lwa a pral pèmèt fòs lòd yo sezi materyèl ke yo mete sou plak machin yo ki fèt pou anpeche kamera vitès ak peyaj yo li yo.

### **Abòde Kriz Klima la ak Envesti nan Enèji Abòdab**

Eta New York gen youn nan plan klima ki pi anbisyé nan peyi a ki konsantre sou kreye yon anviwonman ki pi pwòp, ki pi an sante pou jenerasyon k ap vini yo. Gouvènè Hochul pral fè yon **envèstisman 5.5 milya dola** transfòmatif pou ankouraje abòdabilitè enèji, diminye emisyon, epi envesti nan lè ak dlo pwòp, ak bati sou plis pase 30 milya dola ki angaje nan aksyon klimatik.

Nan diskou sou Sityasyon Eta li a, Gouvènè Hochul te mande Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Otorite Rechèch ak Developman Enèji Eta New York (Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la pou yo fè avanse yon Pwogram Kapital-ak-Envestisman ki etabli yon limit k ap diminye sou emisyon gaz ki lakòz efè sè, epi envesti lajan yo nan pwogram ki mennen nan rediksyon emisyon yo epi kenbe konpetitivite endistri New York yo. Enkli nan Bidjè Egzekitif la gen yon Fon Aksyon Klimatik ki pwopoze ki gen pou l bay Nouyòkè yo plis pase 1 milya dola nan pwochen lajan Kapital-ak-Envestisman yo chak ane.

Bidjè Egzekitif la gen ladan yon pwopozisyon pou avanse jenerasyon renouvlab nan Eta New York lè li bay Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) kapasite pou ede Eta a atenn objektif agresif enèji renouvlab li yo. Bidjè Egzekitif la gen ladan tou pwopozisyon dekabonizasyon biling ki pi enpòtan nan peyi a ki pral entèdi ekipman gaz fosil ak sistèm biling nan nouvo konstriksyon yo, retire gradyèlman vant ak enstalasyon espas gaz fosil ak ekipman chofaj dlo nan biling ki egziste deja, epi etabli estanda biling ak nivo enèji yo. Nouvo pwopozisyon konstriksyon an gen ladann kèk egzanpsyón tankou kwizin komèsyal yo. Pwopozisyon pou retire ekipman ki egziste deja pa afekte recho yo.

Anplis envèstisman k ap vini nan Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal istorik la votè yo te adopte an 2022, Bidjè Egzekitif la gen ladan:

- **500 milyon dola** nan finansman enfrastrikti dlo pwòp ak **400 milyon dola** pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF).
- **400 milyon dola** pou bay soulajman pou Nouyòkè k ap fè fas ak bòdwo elektrik ki wo epi tou pou diminye fado enèji gras ak elektrifikasyon ak modènizasyon yo.
- **200 milyon dola** pou Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvason Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) pou envesti nan amelyore amelyorasyon pak eta yo.
- Yon pwopozisyon pou aplike Lwa sou Enfrastrikti Rediksyon Fatra ak Resiklaj la pou ogmante pousantaj resiklaj, ekonomize lajan gouvènman lokal yo, epi pwoteje Anviwònman an.

Nouvo pwogram sibvansyon pou bay finansman pou minisipalite yo pou envestige ak repare sit ki kontamine ak kontaminan emèjan yo tankou PFAS.

### **Fè Gadri pi Aksesib ak Abòdab**

Ak aksyon ki enkli nan Bidjè Egzekitif pou Ane Fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul ap ogmante envertisman Eta a nan yon **7.6 milya dola sou kat ane** san parèy pou rann sistèm gadri a pi aksesib ak abòdab. Sa pral mete Eta New York sou wout pou amelyore pwoesisis pou jwenn gadri, elaji kalifikasyon pou pwogram yo, ak sipò mendè gadri a. Anplis de sa, pral gen envertisman sible sa yo:

- **389 milyon dola** nan fon Federal ki pa itilize ase pou yon pwogram Sibvansyon pou Retansyon Mendèv.
- **25 milyon dola** nan revni pèdi pou sipòte Anplwayè Kredi Enpo Pou Gadri.
- **4.8 milyon dola** nan fon Eta a pou Pwogram Pilòt Gadri ke Anplwayè yo Sipòte.

### **Kreye yon Sistèm Swen Sante ki pi Solid**

Apati envertisman istorik 20 milya dola ane pase a, Gouvènè Hochul pral kontinye envesti nan bon jan kalite swen sante, abòde bezwen sante ijan Nouyòkè yo ap fè fas, epi ede etablisman atravè eta a yo pou yo prepare pou ijans sante publik alavni yo. Sistèm swen sante New York la pami sa ki pi bon nan nasyon an, men pandemi an mete aksan sou disparite ki genyen nan sistèm nan. Bidjè a ap chèche adrese disparite sa yo lè li ajoute plis pase **1 milya dola** nan finansman kapital swen sante, elaji kouvèti Medicaid pou 7.8 milyon Nouyòkè ki gen revni fèb yo, epi amelyore aksè ak sèvis pou moun ki aje yo ak bon jan kalite swen alontèm:

- **500 milyon dola** nan finansman kapital swen sante pou plizyè ane pou estimile envertisman transfòmatif ki sipòte envertisman Eta a nan swen sante.
- **500 milyon dola** nan sibvansyon kapital pou plizyè ane pou sipòte envertisman nan amelyorasyon envertisman teknologik, ki gen ladan teknoloji klinik ak sekirite sibè.
- **967 milyon dola** pou konplete konsolidasyon senk sit Wadsworth Laboratories ki pa konekte yo an yon sèl sit sou Kanpis W. Averell Harriman lan nan Albany disi 2030.

- **100 milyon dola** pou elaji kouvèti Medicaid pou sèvis sante prevantif ak aksè a swen prensipal.
- **157 milyon dola** nan mezon retrèt Eta New York ak **9 milyon dola** nan founisè sèvis asistans New York yo, pou anplwaye yo ka pi byen bay rezidan yo swen ki gen kalite siperyè.
- **60 milyon dola** apati Ane Fiskal 2025 pou elaji pwogram Racha Medicaid la pou plis Nouyòkè ki gen andikap ka travay epi toujou kalifye pou pwoteksyon.
- **39 milyon dola** pou redwi risk pou eksposizon ak plon nan pwopriyete lokasyon andeyò Vil New York yo.
- **8 milyon dola** pou revitalise sistèm Sèvis Medikal ljans eta a ak **14 milyon dola** pou ogmante pousantaj ranbousman Medicaid la pou transpò medikal.
- **12 milyon dola** pou modènize sistèm rapò sante Eta New York yo epi konstwi yon sistèm siveyans ak suivi sante k ap mennen nan peyi a.

### **Ranfòse Ekonomi New York la**

Bidjè Egzekitif la gen ladann pwopozisyon pou ranfòse ekonomi eta a epi akselere vizyon Gouvènè Hochul pou fè New York vin yon eta ki pi pratik pou biznis ak travayè yo nan nasyon an. Gouvènè a te pwopoze yon ekspansyon enpòtan nan pwogram atraksyon biznis Eta a pou kreye bon djòb ki byen peye nan endistri k ap grandi rapid tankou teknoloji, syans lavi, ak fabrikasyon avanse.

Gouvènè a te pwopoze tou pou endekse salè minimòm New York la nan nivo enflasyon an pou ede travayè yo fè fas ak ogmantasyon pri lavi a ak yon plan k ap mennen nan peyi a pou ofri konje paran ki peye totalman pou plizyè milye anplwaye Eta New York.

Bidjè Egzekitif la ajoute tou:

- **425 milyon dola** pou envesti nan ekonomi lokal yo, ki gen ladan **225 milyon dola** nan finansman sibvansyon ak kredi enpo pou Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) yo ak **100 milyon dola** chak pou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la ak NY Forward.
- **60 milyon dola** nan finansman sibvansyon pou sipòte repa lekòl yo ak detayan manje lokal yo nan kominate ak rejon ki pa gen ase sèvis yo.
- **58.5 milyon dola** pou sipòte endistri touris solid Eta a, ki gen ladan finansman pou ankouraje atraksyon rejyonal yo ak sibvansyon kontrepatri pou ede konte ak minisipalite yo ak efò touris lokal yo.
- **45 milyon dola** ki dwe disponib pou GO-SEMI: Biwo Agrandisman, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè Gouvènè a mennen nan kwasans endistri semi-kondiktè eta a.
- **18.8 milyon dola** pou rekonstwi mendèv gouvènman Eta New York la atravè inisyativ enpòtan yo ke yo dwe administre atravè Depatman Sèvis Civil (Department of Civil Service, DCS) ak Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la.
- **2 milyon dola** pou ede benefisyè Asistans Piblik yo rekipere benefis yo vòlè yo.

- **1 milyon dola** pou Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) a pou devlope yon filyè mendèv apwovizyonman alimantè ki pi solid.

Kòm yon pati nan angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pran pou ogmante opòtinité pou travayè ak biznis New York la, Bidjè Egzekitif la etabli tou Biwo Developman Kominotè ak Mendèv nan Vil New York. Biwo a pral mande pou kontraktè Vil New York yo fè pi bon efò pou anboche kandida ki soti nan yon orijin ki defavorize ekonomikman epi li pral mande vil la pou konsidere konsekans sanksyon yo pou non-konfòmite ak biznis ki posede pa minorite ak fanm yo, òganizasyon san bi likratif, ak ti biznis yo.

### **Bay Asistans Enpòtan pou Moun k ap Chèche Azil yo**

Pliske moun k ap chèche azil yo te kòmanse rive nan New York nan yon kantite san parèy, Gouvènè Hochul ap travay pou bay asistans ak sipò. Bidjè Ane Fiskal 2024 la etabli yon kad kote responsablité finansyè pou sipòte moun k ap chèche azil yo divize yon fason egal: yon tyè pou Vil New York, yon tyè pou Eta New York, ak yon tyè pou gouvènman federal la.

An total, Eta a pral angaje plis pase **1 milya dola** nan ane k ap vini an nan inisyativ enpòtan pou sipòte moun k ap chèche azil yo, tankou:

- **767 milyon dola** pou peye 29 poustan nan depans abri vil la/HERRC pou moun k ap chèche azil yo, ki konsistan avèk pòsyon Eta a ki egziste deja pou Asistans Filè Sekirite, ki deja sipòte abri vil yo.
- **162 milyon dola** pou sipò lojistik ak operasyonèl ke Gad Nasyonal la bay, ki te deplwaye plis pase 900 manm sèvis pou misyon sa a.
- **137 milyon dola** pou swen sante pou sipòte Vil New York, k ap bay swen sante gratis pou kèk moun k ap chèche azil ki elijib yo.
- **25 milyon dola** nan finansman reyentegrasyon pou moun k ap chèche azil yo atravè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA).
- **10 milyon dola** nan finansman sèvis legal atravè Biwo pou Nouvo Ameriken (Office of New Americans) yo
- **6 milya dola** pou sipòte sit abri a nan Brooklyn Cruise Terminal.
- **5 milyon dola** pou amelyore asistans pou reyentegrasyon migran yo, ki distribye bay ajans reyentegrasyon refijye yo ki deja sou kontra avèk OTDA.

### **Sipòte Elèv yo ak Lekòl yo**

Tout elèv New York yo merite aksè a yon bon jan kalite edikasyon, soti nan klas matènèl rive nan kolèj. Gouvènè Hochul ap bay yon **34.5 milya dola** istorik nan Èd Lekòl total yo, pi wo nivo èd eta nan listwa. Finansman sa a ap ede bay chak timoun nan New York zouti pou yo reyisi atravè yon bon kalite edikasyon. Finansman pou edikasyon an gen ladann:

- **24 milya dola** pou Èd Fondasyon (Foundation Aid) - yon ogmantasyon **2.7 milya dola** pa rapò ak ane pase - pou konplete faz pwogresif sou twazan

Gouvènè Hochul la pou finanse totalman Èd Fondasyon pou premye fwa nan listwa.

- **1.5 milya dola** nan nouvo pwojè kapital pou kanpis SUNY ak CUNY yo.
- **250 milyon dola** nan ogmantasyon istorik nan Èd Fondasyon pou etabli lesон patikilye ki gen gwo enpak pou adrese pèt aprantisaj.
- **125 milyon dola** pou agrandi prematènèl pou pote sipò anyèl Eta a pou pwogram sa yo a **1.2 milya dola**.
- **270 milya dola** nan nouvo sipò operasyon pou kanpis SUNY ak CUNY yo
- **400 milyon dola** nan inisyativ kapital transfòmasyon SUNY, ki gen ladan **200 milyon dola** pou laboratwa rechèch nan University at Buffalo ak Stony Brook University ak **200 milyon dola** pou yon transfòmasyon dijital enfrastrikti IT atravè sistèm SUNY an.
- **500 milyon dola** pou kreye premye fon konpatib Eta New York pou kontribisyon yo te vèse nan dotasyon kat sant inivèsite SUNY yo.

Gouvènè Hochul pral tou elimine limit rejyonal sou kantite lekòl endepandan yo nan Vil New York epi otorize re-emisyon lekòl endepandan yo akòz sesasyon, revokasyon, rezilyasyon, oswa non-renouvelman. Chanjman sa yo pral pèmèt yo bay lòt lekòl endepandan nan Vil New York epi elaji opòtinite edikatif pou elèv yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418